

# *Lèt pou moun Efèz yo*



## **PREMYE KOZE A**

### **Ki moun ki ekri lèt la ?**

Lèt pou moun Efèz yo ak lèt pou moun Kolòs yo fè yon blòk apa afòs yo sanble : gade misyon Tikikòs (Kol 4,7 ak Ef 6,21), Pòl prizonye (Kol 4,3 ak Ef 3,1). Se menm kout plim ak menm seri laverite yo montre.

Menm jan, gen moun ki kwè lèt pou moun Kolòs yo se pa Pòl ki te ekri 1, yo kwè sa pi rèd toujou pou lèt moun Efèz yo. Youn nan rezon yo, se paske moun ki ekri lèt la sanble di li pa konnen moun li voye 1 ba yo a (Ef 1,15), epi plizyè bon dokiman ansyen pa pote mo «ki nan lavil Efèz» nan pawòl pou di bonjou a.

Kwak gen nèg save Bib la ki kwè lèt pou moun Efèz yo se pa Pòl ki te ekri 1 toutbon, men yon patizan 1 ki te fò anpil, men genyen tou yon bon valè ki toujou kwè se Pòl ki lotè lèt sa a. Se yon lèt ki devlope laverite yo montre nan lèt pou moun Kolòs yo, tankou lèt pou moun Wòm yo te devlope lide ki nan lèt pou moun Galasi yo. Si nou kwè lotè lèt la se Pòl, se nan epòk li te nan prizon nan vil Wòm premye fwa a li te ekri 1, sa vle di ant lane 61 ak 63.

Premye kopi lèt sa a pa bay non «*pou moun ki nan lavil Efèz*». Petèt se te yon lèt pou plizyè kominate ki te nan reyon Efèz la.

Toude lèt sa yo, ni lèt pou moun Kolos yo, ni lèt pou moun Efèz yo, mete Tikikòs kòm moun ki pote lèt yo (Ef 6,21 ; Kol 4,7).

*De ti mo sou lavil Efèz :*

Lavil Efèz te gen gwo prestij toupatou pou bèle tanp li te genyen pou moun yo fè seremoni pou bondye fanm yo te rele Atemiz lan (Travay 19,23-36). Se bondye fanm sa a moun te konn rele pou 1 fè tè a donnen, pou 1 fè moun yo fè ptit epi pou 1 fè bèt yo peple. Gwo tanp lan te gen 120 mèt longè pou 70 mèt lajè. Te gen 128 gwo poto ki antoure 1 epi chak poto te mezire 19 mèt sòti anba rive anwo. Moun yo te konsidere tanp sa a kòm youn nan pi gwo mèvèy nan tan lontan sou tout tè a. Se tout moun ki te rete nan pwovens Lazi yo ki te konn vin Efèz pou yo fè sèvis pou bondye fanm Atemiz. Lavil Efèz la te kapital entènasyonal maji tou. Se konsa reliyon, santiman nasyonalis, maji ak komès te mele ansanm (Travay 19,12-41).

*Mesaj lèt pou moun Efèz yo :*

Lèt sa a te pote yon refleksyon solid sou Legliz la, depi nan kòmansman jous kouyne a. Lèt pou moun Efèz yo se gwo dokiman pou limite Legliz la, ak pou limite tout moun sou tè a. Li montre Legliz dapre twa lide : **Madann** (Ef 5,25-27), **Kò** (Ef 1,23; 4,16) ak **Kay** (Ef 2,19-22). Konsa, ak twa lide sa yo, li vle montre jan manm Legliz yo youn soude ak lòt, jan yo tout soude ak Kris la.

Jezi se Mesi Bondye te pwomèt pèp Jwif la, men kounye a nou konnen se pou tout moun sou tè a li te pwomèt li (Ef 1,11-14). Bondye aji nan Legliz la, men li aji sou tout bagay nou wè ak sa nou pa wè (Ef 1,10.20-22 ; 3,10; 4,10).

Pou Bondye kapab sove tout moun ki sou tè a, li kraze tout sa ki kapab divize moun yo, li detwi tout privilèj ki chita sou ras ak reliyon Jwif la. Se Lalwa Moyiz ki te kreye miray ki divize moun yo; men se lakwa Jezi Kri a ki te detwi miray sa a nèt. Nan Legliz la Bondye pa mete okenn bagay ki ka bay yon moun osinon yon pèp privilèj (Ef 2,17-18). Epi Bondye fè limite sa a nan Jezi Kri (Ef 1,9-10). Pou Bondye, tout moun se moun, tout pèp se pèp Bondye. Limite ki anndan Legliz la pa fè tout moun tounen menmman parèyman anba yon menm inifom, li rekònèt sa chak moun ye ak sa li genyen an patikilye (Ef 4,1-12). Renmen an ki sòti nan eksperyans nou chak fè nan Kris la, se li ki pèmèt nou konnen 1 nèt (Ef 3,18-19).

*Men chapant lèt pou moun Efèz yo*

Bonjou (1,1-2)

1. Travay Bondye fè pou 1 sove moun (1,3-3,21)

- Ochan pou Bondye pou tou sa li fè pou nou (1,3-14)
- Lapriyè pou moun ki gen lafwa (1,15-23)
- Bondye delivre nou nan Jezi Kri (2,1-10)
- Nou tout fè yon sèl nan Bondye (2,11-22)
- Misyon Pòl nan Legliz la (3,1-13)
- Lapriyè nan pye Bondye (3,14-21)

2. Kouman pou moun yo mennen yon lavi kretyen ki bon nèt (4,1-6,20)

- Se pou nou kenbe fèm nan nou tout fè youn (4,1-16)
- Lavi tounèf la nan Jezi Kri (4,17-5,5)
- Se pou limyè Jezi Kri a klere nou (5,6-20)
- Yon fanmi kretyen (5,21-6,9)
- Yon kretyen gen gwo batay pou 1 mennen nan Lespri a (6,10-20)

3. Orevwa (6,21-24)

## Pòl di fidèl yo bonjou

**1** <sup>Wm 1,1; T Ap 9,13</sup> Pòl, apot Jezi Kri, poutèt volonte Bondye, pou moun ki sen yo, pou moun ki kwè nan Jezi Kri yo, ki nan lavil Efèz : <sup>2</sup> favè ak kè poze pou nou nan men Bondye Papa nou an ak nan men Granmèt Jezi Kri.

### Plan delivrans Bondye a

<sup>3</sup> Konpliman pou Bondye, Papa Jezi Kri Granmèt nou an. Se li ki beni nou nan Kris la ak tout kalite benediksyon syèl la ki sòti nan Lespri a. <sup>4</sup> Li te chwazi nou nan li, anvan tè a te kreye, pou nou sen, san tach, anba je l, nan renmen. <sup>5</sup> Li te deside, depi davans, pran nou pou pitit li poutèt Jezi Kri, dapre bon plezi pa l, jan li te vle a. <sup>6</sup> Se yon lwanj ak yon glwa pou favè li, li te fè nou kado nan Sila a li renmen an. <sup>7</sup> Se <sup>Jn 17,24; 1Pvè 1,20; 1Jn 3,1 Wm 8,29; Jn 1,12 Gal 1,13;</sup>

**1,1 :** Gen kèk dokiman ansyen ki ajoute : «ki nan lavil Efèz.» Se pou rezon sa a nou kenbe mo sa yo nan vèsè sa a.

**1,3-14 :** Premye chapit lèt pou moun Efèz yo, se pati nan Bib la ki montre mèvèy Kris la san mank : nan Jezi Kri Bondye te ba nou yon lavi tounè.

**Konpliman pou Bondye, Papa Jezi Kri :** Lapriyè sa a vin tounen yon lwanj pou plan Bondye a. Fè lwanj pou Bondye se yon repons nou bay Bondye, paske li sove nou, paske li montre nou gwo mevèy li fè pou nou lè li te delivre nou nan Jezi Kri. Se Bondye ki kreye tout bagay e se nan li nou ka jwenn tout delivrans. Tout sa Bondye fè sou tè a, li fè l ak Pitit li, Jezi Kri. Se nan Jezi Kri Bondye chwazi moun, delivre moun, epi rasanble tout moun. Se nan li, Bondye ba nou tout sa li te pwomèt nou ak Lespri Sen an tou. Se nan Kris la tout kreyati Bondye pase, se nan li Bondye ban nou tout richès li epi se ak li, li bay tout renmen li.

Depi nan kòmansman, menm jan ak nan tout dewoulman listwa a, Pòl montre kouman vini Kris la ak kado Lespri a, se mevèy ki makònèn ansanm ak lavi Bondye.

Menm lè Bondye te kreye nou lib, li te konnen libète nou frajil. Li konnen se pa yon bagay ki fasil pou nou ba l yon repons tankou pitit ak Papa.

**1,5 :** *Li te deside depi davans pran nou... :* «Deside depi davans» lan pa vle di moun pa gen libète. An reyalite, nou se moun ki chwazi koube nou devan yon renmen ak devan kèk benediksyon ki te sèlman ap tann repons nou. Lèt la pa pale sou kondanasyon pou pèsonn, li sèlman di Bondye renmen moun ak yon renmen ki pa gen limit.

nan Sila a nou jwenn delivrans lan grasa pwòp san l, padon pou peche nou yo, dapre richès favè l la. <sup>8</sup> Salie te vide sou nou ak tout kalite bon konprann ak entelijans, <sup>9</sup> antan li fè nou konnen sekèr volonte l, dapre bon plezi l, dapre plan li te fè nan li depi davans, <sup>10</sup> pou li regle sa lè tan an va fin rive bout: Tounen mete tout bagay anba yon sèl Chèf Kris la, ni sa ki nan syèl la, ni sa ki sou tè a. <sup>11</sup> Se nan li nou vin eritye li tou, lè li te chwazi nou mete apa davans, dapre plan Sila a, ki mennen tout bagay, te fè davans, jan li te vle a. <sup>12</sup> Se pou nou te kapab tounen <sup>lz 46,10</sup> yon lwanj pou glwa l, nou menm ki, an premye, te mete lespwa nou nan Kris la. <sup>13</sup> Se nan li nou menm tou, apre nou te fin koute Pawòl laverite a, Bon Nouvèl delivrans nou an, epi nou te

<sup>Wm 3,24</sup>

<sup>Wm 16,25</sup>

<sup>Mt 1,15; Gal 4,4; Kol 1,16 Dt 7,6</sup>

<sup>Dt 7,6</sup>

<sup>1Tes 2,13; 2Kor 1,22; T Ap 2,33</sup>

**1,6 :** *Se yon lwanj ak yon glwa :* Fraz sa a montre nou sans lavi kreyen an genyen. Si nou rekònèt se sèl Bondye ki merite moun fè lwanj pou li, nou rekònèt okenn lòt bagay, okenn lòt moun pa merite pou moun fè lwanj pou yo. Premye plas la se sèlman pou Bondye li ye.

**1,7 :** *Nou jwenn delivrans lan grasa pwòp san li :* Sa pa vle di Kris la bay san li pou l te satisfè Papa l oubyen pou l te peye Papa l ki te fè kòlè devan peche nou yo. Bondye Jezi Kri a pa tankou yon zidòl ki bezwen san moun pou satisfè tèt li. Se poutèt renmen li genyen pou Bondye Papa a ak pou nou, Jezi, nèg Nazarèt la, ki te mouri sou lakwa a, te ouvri yon pòt tounèf pou Plan Bondye a kontinye fè wout li nan listwa. Se nan li tout moun gen chans pou yo jwenn libète ak padon peche yo. Tou sa ki te anpeche moun tounen moun lib, fini nèt grasa Jezi Kri ki te ofri tèt li bay Bondye.

**1,9 :** *Dapre plan li te fè nan li depi davans :* Se Pwojè Bondye genyen pou li mennen listwa moun nan yon bout ki bon nèt. Bondye te vle pataje tout lavi ki te nan li menm, depi anvan li te fè tè a ak moun li fè potre ak li. Bondye Papa a te vle bay moun li kreye yo richès li a. Se la, listwa tout moun sòti. Bondye te vle tout pitit li yo vin rasanble toutotou sèl grenn Pitit li a. Li te vle pou yo resevwa Lespri li a epi pou yo fè l devlope. Nan finisman listwa a, yo tout va retouren vin jwenn li, vin reyini ansanm nan yon sèl kò.

**1,13 :** *Nou te make ak Lespri Sen yo te pwomèt la :* Jwif yo te make kò yo ak sikonsizyon an, yo te konsidere tankou mak yon so sou yo. Ak sikonsizyon an, yo te mete tèt yo apa pou Bondye. Bò kote pa nou, kòm kreyen, nou resevwa Lespri a tankou yon so ki make nou. Se nan

kwè nan li, nou te make ak Lespri Sen  
Wm 5,5 yo te pwomèt la.<sup>14</sup> Se li ki avalwa eritaj  
 nou an, pou delivrans pèp, Bondye  
 pran pou li a, pou lwanj glwa li a.

### Kris la ranpòte viktwa

Kol 1,9 <sup>15</sup> Se poutèt sa, mwen menm, lè m  
 aprann jan nou gen lafwa nan  
 Granmèt Jezi, ak jan nou renmen tout  
 sen yo,<sup>16</sup> mwen pa sispann di Bondye  
 mèsi pou nou, antan mwen sonje nou  
 nan lapriyè mwen.<sup>17</sup> Konsa se pou  
Jn 17,3;  
1Jn 5,20 Bondye pa Jezi Kri Granmèt nou an,  
 Papa tout glwa, ban nou lespri bon  
 konprann ki pou montre n li aklè, pou  
 fè nou konnen l byen.<sup>18</sup> Se pou je ki  
 nan kè nou klere, pou nou konnen ki  
 kalite lespwa nou genyen nan rele li  
 rele nou an, ki pakèt glwa ki genyen  
 nan eritaj li te pare pou moun ki sen  
 yo,<sup>19</sup> lèfini, kijan pouvwa l, k ap travay  
 nan nou menm ki kwè a, li wo, li  
 estwòdinè, dapre fòs ak pisans aktivite  
Kol 2,12;  
1Pvè 3,22 l.<sup>20</sup> Se yon aktivite li fè nan Kris la, nan  
Fp 2,9 leve li leve l byen vivan pami mò yo,  
 pou li fè l chita adwat li nan syèl la,<sup>21</sup> pi wo pase tout chèf, otorite, pouvwa,  
 komandan, e pase tout gwo non  
 yo kapab bay, non sèlman nan tan sa  
 a, men nan tan k ap vini an tou.<sup>22</sup> Li te  
 mete tout bagay anba pye l, epi li  
 mete l anwo tout bagay kòm Tèt Legliz  
 la,<sup>23</sup> ki kò l, ki chaje ak tout kantite

Sòm 8,6;  
1Kor 15,24;  
Kol 1,8

Lespri Sen an ni lafwa, ni lespwa ak renmen, ni  
 divès fòm sèvis, ni kado konesans, ni mirak, ni  
 gerizon sòti. Kado sa yo se yon ti goute nan tout  
 mèvèy Bondye rezèv pou nou. Se prèv ki  
 montre aklè nou vin pitit Bondye toutbon.

**1,15 :** *Se poutèt sa, mwen menm, lè m aprann jan nou gen lafwa nan Granmèt Jezi... Li kontan pou lafwa kreyen yo, men anplis li lapriyè pou yo gen lespwa ki pral sous devouman lafwa yo. Li esplike divès etap devouman lespwa a genyen: konnen Papa a, apresye eritaj li rezèv pou moun ki sen yo, konprann ak ki fòs Bondye aji pou l fè nou fè lespwa sa a tounen yon reyalite.*

**1,21-22 :** *Pi wo pase tout chèf, otorite, pouvwa, komandan.* Nan epòk sa a, pou Jwif yo, gen lespri Bondye kreye ki gen gwo enflyans sou lavi moun sou té a. Yo rele yo : Chèf, Pisans, Pouvwa. Men kounye a tout kreyen konnen tout pouvwa sa yo pa anyen devan Kris la. Kreyen yo pa

byen Sila a ki plen tout bagay nèt nan tout bagay.

### Sòti nan lanmò pase nan lavi

**2** <sup>1</sup>Epi nou menm, nou te mouri akòz  
 peche nou yo, ak tou sa nou te fè.

<sup>2</sup> Se ladan yo, yon lè, nou t ap viv dapre  
 mès tè sa a, dapre chèf k ap kòmande  
 move zèv lespri k ap travay kounye a  
 nan sila yo, k ap fè rebèl la.<sup>3</sup> Menm  
 nou menm tou, nou tout, yon lè, nou te  
 fè pati yo, lè nou t ap viv dapre move  
 tandans kò nou, nan swiv sa kò a vle  
 ak sa lide nou yo di nou. Nou menm  
 tou, dapre kondisyon n, nou te merite  
 tonbe anba kòlè Bondye tankou lòt yo.

<sup>4</sup> Men Bondye ki rich ak kè sansib pou-  
 tèt kalite renmen li te renmen nou,<sup>5</sup> lè  
 nou te mouri poutèt nou te fè sa ki pa  
 bon, fè nou viv ansanm ak Kris la. Se  
 yon favè delivrans nou an ye.<sup>6</sup> Ak Jezi  
 Kri, Bondye fè nou leve vivan sòti nan  
 lanmò, li fè nou chita ak li nan syèl la.

<sup>7</sup> Konsa li montre, nan tan k ap vini yo,  
 richès estwòdinè favè l la, nan bon kè l  
 pou nou, grasa Jezi Kri.<sup>8</sup> Reyèlman  
 vre, se yon favè delivrans nou an ye,  
 grasa lafwa. Sa pa sòti nan nou menm,  
 se kado Bondye.<sup>9</sup> Sa pa sòti nan zèv,  
 pou pèsonn pa vante tèt li.<sup>10</sup> Reyèlman  
 vre, nou se travay Bondye, li kreye nou  
 nan Jezi Kri, dekwa pou nou mache  
 nan bon zèv li te pare davans yo.

Kol 2,13;  
Jn 12,31;  
2Kor 4,4

34,6;  
Wm 5,8

2Tm 2,12

2Kor 5,17

bezwen pè okenn pouvwa ki sou latè, paske Jezi  
 Kri pi fò pase tout fòs sa yo, tout lespri sa yo ak  
 tout pouvwa sa yo.

**2,1-10 :** Nou wè kijan moun ki ekri lèt sa a  
 mete de epòk ak de fason moun yo viv youn fas  
 ak lòt: moun ki pa mache ak Kris la ak moun ki  
 mache avè l. Li montre kijan moun ki pa gen lavi  
 Jezi Kri nan yo ap antre pi fon nan sa ki mal.  
 Egojis pran divès fòm, ni nan chak moun ni nan  
 sosyete a, e se sa ki vin mete divizyon nan  
 mitan moun. Ak Jezi, lavi tounèf la kòmanse:  
 lavi nan renmen an, lavi ki mete tèt ansanm nan  
 mitan moun, ki fè youn gade lòt tankou frè ak  
 sè. Se konsa yon kreyen ki gen Jezi Kri nan lavi  
 li, li fè pwojè Bondye a tounen yon reyalite nan  
 fason li viv. Lavi chak kreyen se tankou fèt Pak li  
 ye. Chak jou li dwe kite lavi ki chita nan egojis  
 pou li antre nan lavi ki chita nan renmen. Sa se  
 yon favè Bondye ban nou gratis nan Jezi Kri.

## Jwif ak pèp etranje yo rekonsilye nan Kris la

<sup>Kol 2,11; Wm 9,4</sup> <sup>Iz 1,21</sup> <sup>11</sup> Poutèt sa, sonje byen, nou menm, yon lè, ki te pèp etranje nan kò nou, sila yo te fè sikonsizyon pou yo nan kò yo a ak men moun, te rele nou «moun yo pa fè sikonsizyon pou yo». <sup>Iz 9,5</sup> <sup>12</sup> Nan tan sa a nou pa t gen Kris la, nou pa t kapab antre nan sosojeté Izrayèl la, nou te etranje pou kontra pwomès la yo, nou pa t gen lespwa, nou te san Bondye sou tè a. <sup>Iz 13,4,13; Ezk 37,19</sup> <sup>13</sup> Men kounye a menm, nan Jezi Kri, nou menm ki yon lè te lwen, nou vin pre, grasa san Kris la. <sup>Ezk 37,1; 2Kor 5,17</sup> <sup>14</sup> Reyèlman vre, se li menm ki lapè nou, li fè de pèp yo tounen youn. Nan pwòp kò l, li detwi miray divizyon an, kidon rayisans. <sup>Iz 52,7; 57,19</sup> <sup>15</sup> Li fè Lalwa kòmandman yo pèdi valè l, ak tout règleman l yo. Se konsa li fè toude tounen yon sèl Moun tounèf nan li menm, antan li mete lapè. <sup>16</sup> Se konsa tou li fè toude vin byen ak Bondye nan yon sèl Kò, grasa Kwa a. Nan li menm li touye rayisans. <sup>17</sup> Li te vin pote Bon Nouvèl la : «Kè poze pou nou menm ki te lwen yo, ak kè poze pou sila yo ki te pre yo». <sup>18</sup> Konsa grasa li, nou toude kapab rive bò kote Papa a nan yon sèl Lespri. <sup>Flo 3,20; Eb 12,22</sup> <sup>19</sup> Kifè nou pa ni etranje, ni moun vini ankò, nou se moun menm peyi ak moun ki sen yo, ak pitit kay Bondye. <sup>1Kor 39; Mt 16,18; Ap 21,14</sup> <sup>20</sup> Nou se yon kay ki batí sou fondasyon Apot yo ak pwofèt yo. Wòch

**2,11 :** Nan Jezi Kri pèp etranje yo ak pèp Jwif la vin fè yon sèl pèp, yon sèl moun tounèf, yon sèl kò pou Bondye. Lanmò Jezi fè miray ki te separe de pèp sa yo tonbe nèt. Tanp Jerizalèm nan, te gen yon kote ki apa nèt pou Bondye. Toupre l te gen yon lakou pou Jwif yo, epi te gen yon lakou, lwen ak kote ki apa, pou pèp etranje yo. Te gen yon miray ki separe lakou yo youn ak lòt. Miray sa a se te pòtre tout baryè ki te separe moun ak moun. Kris la te kraze tout baryè sa yo nèt.

Lalwa Jwif yo ki pa t vle pou pèp etranje yo fè pati pèp Bondye a, fini nèt. Kounye a gen yon pèp tounèf ki te fèt sou lakwa Jezi Kri a. Pèp tounèf sa a se Legliz la ki louvri pòt li bay tout moun, anba yon sèl Chéf : Jezi Kri.

**2,19 :** Ak pawòl sa a, li pase nan yon lòt

kwen an, se Jezi Kri li menm. <sup>21</sup> Nan li, tout batisman an kenbe ansanm, epi l ap monte pou li tounen yon Tanp ki sen nan Granmèt la. <sup>22</sup> Nan li nou menm tou, pèp etranje yo, nou antre ansanm nan batisman an, pou nou tounen yon kay kote Bondye abite, nan Lespri a.

## Pòl sèvitè k ap fè wè plan sekrè Jezi Kri a aklè

**3** <sup>1</sup> Se pou sa, mwen menm, Pòl, pri-zonye Kris la, poutèt nou menm pèp etranje yo... <sup>2</sup> Si nou aprann pwojè Bondye te genyen ak favè li te ban mwen pou nou an toutbon vre, <sup>3</sup> kijan dapre sa l fè mwen wè aklè, li fè m konnen plan sekrè a, jan mwen sot ekri l tou kout la, <sup>4</sup> ak sa, lè nou fin li l, n a kapab konprann sa mwen konnen nan plan sekrè Kris la. <sup>5</sup> Plan sekrè sa a, yo pa t fè okenn moun nan jenerasyon pase yo konnen l, jan yo sòt fè Apot li ki sen yo ak Pwofèt yo wè l kounye a, nan Lespri a : <sup>6</sup> pèp etranje yo eritye tou, yo manm yon menm Kò, yo jwenn pa yo tou nan Pwomès la, nan Jezi Kri, grasa Bon Nouvèl la. <sup>7</sup> Mwen tounen sèvitè Bon Nouvèl sa a dapre favè Bondye fè m kado a, dapre travay pouwva l. <sup>8</sup> Mwen menm ki pi piti pamí tout moun ki sen yo, yo te fè m favè sa a pou m anonse pèp etranje yo Bon Nouvèl sa a : richès Kris la pèsonn pa kapab fin konprann lan, <sup>9</sup> epitou pou

pòtre : kreyen yo se tankou yon kay, se fanmi Bondye yo ye. Lontan Jwif yo te konn di se yo sèl ki fanmi Bondye, se sèl Tanp pa yo ki kay Bondye a. Kounye a, kreyen yo ki sòti nan pèp etranje yo, konnen se kay Bondye yo ye ak Tanp Lespri Sen an.

**3,1-4 :** Prizonye Kris la : Sa montre lè Pòl t ap ekri lèt sa a li te nan prizon kèk kote anndan Lanpi women an. Gen moun ki kwè se Wòm.

Plan sekrè Kris la se tèm ki nannan lèt sa a. Plan sekrè Kris la se plan Bondye ki rele tout moun pou yo vin fè yon sèl kò, san l pa fè diférens ant moun ak moun. Bondye rele pèp etranje yo tou, pou yo antre nan sèl grenn pèp li a. Jezi te preche égalité sa a. Men li te nesesè pou Lespri Bondye a te fè anpil travay, pou mesaj sa a te pase nan mitan premye kominote kreyen yo.

<sup>Iz 28,16;</sup>  
<sup>1Pyè 2,8</sup>

<sup>1Kor 3,16;</sup>  
<sup>2Kor 6,16;</sup>  
<sup>Jn 2,21</sup>

<sup>Kol 1,24</sup>

<sup>Gal 1,12</sup>

<sup>Wm 16,25;</sup>  
<sup>Kol 1,25</sup>

<sup>1Kor 15,9;</sup>  
<sup>1Tm 1,15</sup>

mwen bay limyè sou pwojè sekrè a, ki te rete kache depi toutan, nan Bondye ki kreye tout bagay la.<sup>10</sup> Konsa grasa Legliz la se pou chèf ak otorite ki nan syèl yo, rive konnen, kounye a, bon konprann Bondye a ki parèt divès fason,<sup>11</sup> se dapre lide Bondye te gennyen depi lontan, nan Jezi Kri, Granmèt nou.<sup>12</sup> Grasa lafwa nan li, nou gen asirans antre nan konfyans.<sup>13</sup> Se pou sa mwen mande nou, pinga nou dekouraje ak tribilasyon m ap pase pou nou yo. Yo se yon glwa pou nou.

### Pòl lapriyè Bondye

<sup>14</sup> Se pou sa mwen mete m ajenou devan Papa a.<sup>15</sup> Tou sa ki fè yon papa ni nan syèl la, ni sou tè a, se nan li yo jwenn non yo pote a.<sup>16</sup> Dapre richès glwa l, se pou li ban nou fòs, pa pouwa Lespri l, pou moun nou ye pa annan dan an vin pi fò.<sup>17</sup> Se pou Kris la abite nan kè nou poutèt lafwa. Se pou nou pouse rasin fon nan renmen: se nan li pou nou plante fondasyon nou,<sup>18</sup> pou nou kapab rive konprann, ak tout moun ki sen yo, ki lajè, ki longè, ki wotè, ki fondè,<sup>19</sup> epi nou va konnen renmen Kris la, ki depase sa moun konnen. Sa fè n ap kapab fin plen ak tou sa ki plen Bondye nèt.<sup>20</sup> Pou Sila a ki kapab fè plis pase ni sa nou mande,

ni sa lide nou kapab mete nan tèt nou, ki kapab fè l depase mezi, dapre pouwa k ap travay nan nou an,<sup>21</sup> pou li, glwa nan Legliz la ak nan Jezi Kri, pou tout jenerasyon, ak pou toutan nètale. Amèn.

### Pòl mande pou yo tout fè youn

**4** <sup>1</sup>Mwen menm ki prizonye Granmèt<sup>Fp 1,27</sup> la, m ankouraje nou mache yon fason ki kadre ak rele yo rele nou an.<sup>2</sup> Se sa ki fè se pou nou fè kò nou tou piti, tou dou, ak anpil pasyans, pou youn sipòte lòt nan renmen.<sup>3</sup> Fè efò pou nou kontinye fè youn nan Lespri a, byen mare ansanm ak kòd kè poze a.<sup>4</sup> Gen yon sèl kò ak yon sèl Lespri,<sup>1Kor 10,17</sup> menm jan se yon sèl lespwa rele yo rele nou an pote.<sup>5</sup> Gen yon sèl Granmèt, yon sèl lafwa, yon sèl batèm.<sup>6</sup> Gen yon sèl Bondye ki Papa nou tout, ki anwo tèt nou tout, k ap travay ak nou tout, ki nan nou tout.<sup>7</sup> Yo bay nou chak favè a dapre mezi kado Kris la.<sup>8</sup> Se poutèt sa yo di: «Monte li monte anwo, li mennen yon bann prizonye. Li bay moun divès kado.»<sup>9</sup> «Li monte», sa sa vle di, si se pa desann li te desann kote mò yo abite a?<sup>10</sup> Sila a ki desann lan, se li menm ki monte pi wo nan syèl yo, pou li plen tout bagay.<sup>11</sup> Li te bay kèk moun pou yo apot, kèk

**3,10:** Chèf ak otorite ki nan syèl yo : Ata zanj yo ki nan syèl la pa t konnen plan sekrè sa a. Se kounye a yo dekovri l nan Legliz la.

**3,14:** Konesans ak espryans renmen Kris la depase tout sa moun pa t janm panse. Renmen Bondye nan Kris la se yon kado. Li pa sòti ni nan etid, ni nan liv oubyen nan jefò moun fè yo. Bondye ban nou li gratis. Se Bondye menm ki te deside pou l ban nou renmen Kris la. Se pou nou konnen ki kalite renmen Jezi te gen pou nou. Konsa Jezi Kri menm kapab bati kay li nan kè nou. Sa pral fèt jou kretyen yo rive viv nan renmen youn ak lòt. Se sèlman nan renmen an nou ka konnen reyalite tounèf Jezi te pote ban nou an.

**4,1-10:** La a, lèt la tounen sou yon pwoblèm enpòtan pou kominote yo ki te toujou pa viv jan Lespri Bondye a mande l. Tounen yon sèl kè ak yon sèl nanm nan kominote a se travay Lespri Sen an. Li nesesè pou chak moun, ak pwòp vokasyon li, travay pou bati yon sèl kò nan ren-

men. An nou gade tou sa nou genyen ansanm, grasa Kris la ak travay Lespri li a. Bèl moso sa a ban nou sèt bagay tout moun jwenn nan Jezi Kri : **yon sèl Kò** : nou tout manm kò Jezi Kri, **yon sèl Lespri**, ki fè nou vin yon sèl kè, **yon sèl lespwa**, ki fè tout moun gen yon menm avni, **yon sèl Granmèt** ki chèf tout Legliz la, **yon sèl lafwa** ki sòti nan sa Apot yo te montre nou, **yon sèl batèm** ki fè nou antre nan kominote a ak **yon sèl Papa** ki fè nou tounen pitit Bondye nan Pitit li, Jezi Kri, epi frè ak sè youn ak lòt.

Sa k ap bati a p ap sèlman yon tanp, men tou li se Kò Kris la, ki fèt ak plizyè milyon manm ki te la, ki la kounye a, plis sa ki pral vini apre yo. Men tèt ansanm ak inite pa vle di pou tout moun panse osinon travay menm jan. Lespri Sen an bay moun divès kado epi se ak richès sa a nou dwe bati yon sèl kò.

**4,11:** Gen divès kalite kado Lespri Sen an bay moun yo : Apot yo : se moun ki gen don pou

moun pou yo pwofèt, kèk moun pou yo preche Bon Nouvèl la, kèk moun pou yo gadò ak pwofesè.<sup>12</sup> Li t ap pare moun ki sen yo pou travay sèvis la mande, pou bati Kò Kris la,<sup>13</sup> jistan nou tout nou rive fè youn ansanm nan lafwa ak nan konnen Ptit Bondye a. Konsa n a tounen yon granmoun ki fin devlope, ki rive mezi wotè Kris la ki plen nétale.<sup>14</sup> Konsa nou p ap timoun piti ankò, dekwa pou moun ki nan koken, moun atoufè ki vle fè nou tonbe nan erè, pa voye nou adwat agòch, ni pou tout van bagay yo montre nou yo, pa pote n ale.<sup>15</sup> Si nou pale laverite nan renmen, nou va grandi tout jan nan direksyon Sila a ki Tèt la, Kris la.<sup>16</sup> Se nan li tout kò a kenbe ansanm, li byen pran nan tout jwenti yo k ap nour i dapre travay chak manm ap fè, nan mezi pa yo, pou kò a grandi, epi pou l fin batì li menm nan renmen.

### Lavi tounèf nan Kris la

<sup>Wm 1,18</sup> <sup>17</sup> Konsa mwen di nou, e mwen mande nou nan Granmèt la, pou nou sispann mache tankou pèp etranje yo, k ap mache ak bagay ki pa vo anyen nan tèt yo,<sup>18</sup> avèk lespri yo nan fènwa. Lavi Bondye etranj pou yo, akòz inyorsans ki nan yo a, ak kè di yo genyen

fonde kominote yo epi pou fè kominote kretyen yo grandi nan menm lafwa, menm lespla, menm renmen. *Pwofèt yo* : se moun Lespri Sen an pale ak bouch yo pou bay kominote yo mesaj Bondye a. *Evanjelis yo* : se moun ki kore travay Apot yo ak Pwofèt yo nan preche Bon Nouvèl la. *Pwofesè yo* : se moun ki detaye Pawòl Bondye a bay kominote a dekwa pou li konprann li epi fè l pase nan lavi l.

Kado Lespri Sen an ban nou yo pa dwe tounen mwayer pou youn mete lòt anba pye l. Yo pa dwe tounen okazyon pou yo fè jalouzi antre nan kè nou, yo pa dwe fè kretyen yo vante tèt yo. Kado yo la pou fè kominote a grandi ak pou fè l pran plis jarèt.

**4,14 :** Li mande yo pou yo vin yon kominote ki solid, ki gen kapasite pou l mache dapre laverite, epi pou l batì tèt li nan renmen. Si kominote a batì sou renmen, moun yo kapab viv nan tèt ansanm ak nan respè pou divès kado Bondye bay lòt yo. Konsa kretyen yo pa timoun ankò, yo ka fè diferans ant sa ki bon ak sa ki pa bon nan

an.<sup>19</sup> Yo pa santi anyen nan konsyans yo, yo lage kò yo nan dezòd, yo fin debòde nan fè tout kalite vye bagay sal.<sup>20</sup> Men nou menm, se pa konsa nou te aprann konnen Kris la,<sup>21</sup> si vreman sa nou te tande sou li a, ak sa yo te montre nou sou li a, kadre ak laverite ki nan Jezi a.<sup>22</sup> Konsa, sa vle di, fòk <sup>Kol 1,28; 14,26; Kol 1,28</sup> nou lage vye konpòtman moun lontan an, nan fason nou te kondi tèt nou anvan, e k ap detwi tèt li nan vye tandans ki twonpe moun.<sup>23</sup> Fòk nou vin tounèf nan lespri ak nan lide nou,<sup>24</sup> pou nou abiye nou ak moun tounèf la, dapre gou Bondye ki te kreye l pou li kòrèk, e pou li sen toutbon vre.<sup>25</sup> Konsa, se pou nou kite bay mantè, pou chak moun di pwochen yo laverite, paske youn se manm lòt.<sup>26</sup> Fè kòlè, men pa fè peche: pinga solèy la kouche sou kòlè nou.<sup>27</sup> Pa bay dyab la pye sou nou.<sup>28</sup> Fòk moun ki te konn vòlè, pa vòlè ankò, se pou l redi travay pito ak pwòp men l, pou li fè byen. Konsa I a gen dekwa separe ak moun ki nan bezwen.<sup>29</sup> Pa kite okenn vye pawòl sòti nan bouch nou, men pito yon pawòl ki bon, ki kapab fè yon moun grandi, si se nesesè. Konsa li va itil moun ki tande l.<sup>30</sup> Pa fè Lespri Sen Bondye a lapenn. Se ak li nou te tanpe pou jou

tou sa moun kwè, nan tou sa moun di, ak nan tou sa moun ap montre moun.

**4,22-24 :** Moun lontan an ak moun tounèf la : Vin tounen yon moun tounèf gen divès etap, se yon chemen. Chanjman sa a kòmanse nan batèm nan, kote nou kite fason moun ki pa kwè nan Jezi Kri t ap viv la, pou nou antre nan lavi tounèf Bondye ban nou nan Jezi Kri a. Nou abiye ak Jezi Kri, ak lavi kòrèk la ki sòti nan li, ak renmen ki sòti nan li. Sa se lavi tounèf la ki kòmanse nan nou.

**4,25-32 :** Kounye a, lèt sa a ban nou kèk egzanp dirèk sou ki fason nou kapab viv kòm yon moun tounèf.

**4,30 :** Pa fè Lespri Sen Bondye a lapenn : N ap konprann pawòl sa a byen fasil si nou reflechi sou chagren nou santi chak fwa nou rejte yon bon lide oubyen yon anvi pou nou aji pi byen. Se yon tristès pou Lespri Sen an e an menm tan se yon tristès pou lespri nou, ki konnen sa nou te pèdi.

<sup>Wm 12,2; Gen 1,26; Lk 1,75</sup>

<sup>Zak 8,16</sup>

<sup>Sòm 4,5</sup>

<sup>T Ap 20,34; 1Tes 4,11</sup>

<sup>Jak 3,10</sup>

<sup>1Tes 5,19; Iz 63,10</sup>

delivrans lan. <sup>31</sup>Tout rankin, tout gwo san, tout kòlè, eskandal, joure, ak tout mechanste, se pou nou wete sa nan mitan nou. <sup>32</sup>Se pou youn gen bon santi man pou lòt, pou nou gen kè sansib, pou youn fè pa lòt, menm jan Bondye fè pa nou nan Kris la.

**5** <sup>Mt 5,48</sup> <sup>1 Se pou nou fè menm jan ak Bondye, tankou pitit li renmen anpil.</sup> <sup>2 Se pou nou mache nan renmen, menm jan Kris la te renmen nou, e li te bay tèt li pou nou, tankou yon kado y ap ofri ak yon bêt yo touye nan sèvis, ki gen bon odè devan Bondye. <sup>3 Vye dezòd ak vye bagay sal, oswa renmen lajan twòp, se pou sa pa pale nan mitan nou, jan li bon pou moun ki sen yo.</sup> <sup>4 Menm jan tou pou gwo mo, pawòl ki pa gen sans ak mo sal, sa pa dwe fèt. Pito nou lapriyè di mèsi.</sup> <sup>5 Fòk nou konnen sa byen, tout moun ki fè vye dezòd, nan fè vye bagay sal, oswa ki renmen lajan twòp—ki sèvis zidòl—p ap jwenn eritaj Peyi kote Kris la ak Bondye wa a.</sup> <sup>6 Pa kite pèsonn twonpe nou ak pawòl ki pa gen sans. Se poutèt sa kòlè Bondye a ap desann sou sila ki nan fè rebèl.</sup> <sup>7 Nou pa dwe asosye bagay sa yo.</sup> <sup>8 Reyèlman vre, yon lè se fènwa nou te ye, kounye a se limyè nou ye nan Granmèt la.</sup> Se pou nou mache tankou pitit limyè. <sup>9 Reyèlman vre, fwi limyè a se bon kè, jistis ak laverite.</sup> <sup>10 Chèche wè sa ki fè Granmèt la plezi.</sup> <sup>11 Pinga nou mele nan zèv fènwa ki pa rapòte anyen. Denonse yo</sup></sup>

**5,21-33 :** Vèsè sa yo analyze twa kalite relasyon fanmi nan tan sa a te genyen: relasyon madanm ak mari; relasyon pitit ak paran; relasyon esklav ak mèt. Li vle pou tout relasyon sa yo chanje nèt depi yon fanmi vin kreyten.

**5,21-25 :** «*Se pou youn obeyi lòt nan respè pou Granmèt la*»: Vèsè sa a ba nou limyè pou nou li tout sa ki vin apre l. Li vo pou madanm ak mari tankou li vo pou mari ak madanm.

Nan epòk yo ekri lèt sa a, sosyete a te chita sou dwa gason. Papa fanmi an te gen tout kalite dwa ni sou madanm li, ni sou pitit yo, ni sou esklav yo. Bon Nouvèl liberasyon Jezi Kri vin

pito. <sup>12</sup>Bagay moun sa yo ap fè an kachèt, se yon wont menm pou pale sou sa. <sup>13</sup>Tou sa yo denonse, limyè a fè yo parèt aklè. Tou sa ki parèt aklè se limyè li ye. <sup>14</sup>Se poutèt sa yo di: «*Reveye w, ou menm k ap dòmi, leve sòti pamì mò yo, Kris la va klere w.*» <sup>15</sup>Konsa gade byen kijan n ap mache. Pa mache tankou moun sòt, men tankou moun eklere, <sup>16</sup>k ap pwofite tan jodi a, paske jou yo pa bon menm. <sup>17</sup>Konsa fòk nou pa tounen moun fou, men moun ki konprann sa volonte Granmèt la ye. <sup>18</sup>Pa soule tèt nou ak diven, se nan vagabon sa mennen, men se pou nou plen ak Lespri a. <sup>19</sup>Nan pale youn ak lòt, se pou nou sèvi ak sòm, ak chante lwanj, epi ak kantik ki sòti nan Lespri a. Chante kantik, fè mizik nan kè nou pou Granmèt la. <sup>20</sup>Se pou tout tan ak pou tout bagay nou di Bondye Papa a mèsi, nan non Granmèt nou Jezi Kri.

<sup>Jn 3,20;  
Jz 26,19;  
60,1</sup>

<sup>Kol 3</sup>

<sup>1Tes  
5,18</sup>

### Konpòtman anndan yon fanmi

<sup>21</sup>Se pou youn obeyi lòt nan respè pou Granmèt la. <sup>22</sup>Se pou medam yo an rapò ak pwòp mari yo, tankou yo an rapò ak Granmèt la, <sup>23</sup>paske mari a se tèt madanm lan, menm jan Kris la se tèt Legliz la. Li se Sovè Kò a. <sup>24</sup>Konsa tou, menm jan Legliz la obeyi Kris la, se pou medam yo obeyi mari yo nan tout bagay. <sup>25</sup>Nou menm, mesye yo, se pou nou renmen madanm nou, menm jan Kris la renmen Legliz la, e li bay tèt li pou li, <sup>26</sup>pou li fè l vin sen nan pwòpte

<sup>1Pyè  
5,5</sup>

<sup>Kol  
3,18;  
1Pyè  
3,1;  
1Kor  
11,3</sup>

pote pou tout moun, gason kou fi, pa t ko antre nèt nan mantalite kreyten yo ak nan fason moun yo òganize Legliz ak sosyete a. Li te bezwen tan pou li devlope nan tout sans.

Anpil fwa nou tandé kouman moun k ap preche, sèvi ak mòso sa a yon fason ki fè kwè gason plis pase fi. Se pa sa nou jwenn lèt sa a. Vèsè sa yo fè nou wè maryaj la gen yon mevèy ladann, sa vle di, yon trezò Bondye, moun pa t kapab konprann anvan Kris la te vini. Nan maryaj la, mari ak madanm ki viv nan renmen, montre renmen Bondye gen pou tout moun ki sou latè. Maryaj se siy kontra renmen Jezi Kri fè ak Legliz la.

<sup>1,4;</sup>  
<sup>Tit 3,5;</sup>  
<sup>1Kor 6,11;</sup>  
<sup>2Kor 11,2;</sup>  
<sup>Ap 21,12;</sup>  
<sup>21,12;</sup>  
<sup>19,7</sup> I nan beny dlo a ak yon pawòl. <sup>27</sup> Se pou li te fè Legliz la parèt devan I ak tout bélte l, san tach ni pli, ni anyen konsa, men sen, san repwòch. <sup>28</sup> Menm jan, se pou mesye yo renmen madanm yo tankou pwòp kò yo. Yon moun ki renmen madanm li, se pwòp tèt li li renmen. <sup>29</sup> Pèsonn pa janm rayi pwòp kò l, men li nouri l, li pran swen l ak tout kè l. Se menm jan Kris la fè pou Legliz la. <sup>30</sup> Nou se manm nan kò l. <sup>31</sup> Se poutèt sa, gason an ap kite papa l ak manman l, pou li mete tèt li ansanm ak madanm li. Yo toude ap fè yon sèl kò. <sup>32</sup> Sa a se yon gwo mèvèy. Mwen di sa sou Kris la ak Legliz la. <sup>33</sup> Antouka, pou nou menm se pou chak moun renmen madanm li, tankou li renmen pwòp tèt li. Se pou madanm lan respekte mari l.

<sup>20,12;</sup>  
<sup>Kol 3,20-21</sup> **6** <sup>PWV 13,24</sup> <sup>1</sup>Pitit yo, obeyi papa nou ak manman nou nan Granmèt la. Reyèlman vre, se sa ki kòrèk. <sup>2</sup>Respekte papa w ak manman w—se premye kòmandman ki gen yon pwomès ladan :—<sup>3</sup> konsa w a vin byen e w a viù lontan sou tè a. <sup>4</sup>Epi nou menm papa, pa fè pitit nou fè kòlè, men leve yo nan korije yo e dapre prensip Granmèt la. <sup>5</sup>Esklav yo, se pou nou obeyi sila yo ki mèt nou yo sou tè a, ak gwo krentif, ak respè, e ak yon kè tou senp, menm jan nou fè pou Kris la. <sup>6</sup>Se pa pou fè wè, ni pou fè moun plezi, men kòm esklav Kris la k ap fè volonte Bondye ak tout nanm nou, <sup>7</sup>k ap rann sèvis ak bon jan,

**6,1-9:** Lavi kretyen yo se yon lavi tounèf kote chak moun respekte lòt yo. Si pitit yo dwe respekte paran yo, paran yo dwe respekte pitit yo. Li mande papa yo pou yo pa neglige devwa yo kòm edikatè. Papa yo gen yon misyon ki difisil, se mete pitit yo nàn chemen libète toutbon an, montre yo sèvi moun olye yo fè lòt moun sèvi yo, pou yo pataje pase pou yo sere tout pou yo. Apre sa, li pral montre yo kouman yo dwe swiv vwa Lespri a, piplis pase sa moun nan sosyete konsidere kòm byen oubyen mal.

Menm si lèt sa a pa kondanan esklavaj, li bay moun yo yon prensip ki kapab chanje tout relasyon moun ak moun nètale: tout moun se moun, tout moun gen dwa jwenn respè. Epi li fè

kòmsi se pou Granmèt la, e pa pou moun. <sup>8</sup>Nou konnen chak moun depi yo fè sa ki byen, Granmèt la va renmèt yo sa, kit yo esklav, kit yo an libète. <sup>9</sup>Mèt yo, fè menm jan pou yo, sispann fè menas, paske nou byen konnen, ni Mèt pa yo, ni Mèt pa nou, li nan syèl la, e li pa nan patipri.

### Gwo batay nan lespri a

<sup>10</sup>Pou fini, se pou nou vin fò nan Granmèt la ak nan pisans pouvwa l.

<sup>11</sup>Se pou nou mete zam Bondye yo sou nou, pou nou kapab kanpe fèm anba riz dyab la. <sup>12</sup>Paske nou pa nan batay kont moun, men kont chèf, kont otorite, kont mèt tè sa a ki nan fènwa, ak kont tout lespri mechanste ki anlè nan syèl yo. <sup>13</sup>Poutèt sa pran zam Bondye yo, pou nou kapab reziste nan move jou a, e pou nou kapab rete kanpe lè n a fin genyen nèt, nan tout bagay. <sup>14</sup>Konsa kanpe, mare tay nou ak laverite a, mete jistis pou pwotèje lesto-mak, <sup>15</sup>mete dispozisyon pou simaye Bon Nouvèl kè poze a nan pye nou.

<sup>16</sup>Toujou gen Lafwa kòm zam pou pare kou, se ak li n a kapab tenyen tout flèch dife Malveyan an. <sup>17</sup>Mete kas delivrans lan sou tèt nou, e pran koulin Lespri a, sa vle di Pawòl Bondye a.

<sup>18</sup>Lapriyè nan tout sikostans nan Lespri a, ak tout kalite priyè ak demann. Pou sa, san pran souf, rete je klè, epi fè demann pou tout moun ki sen yo. <sup>19</sup>Pou mwen menm tou, pou

<sup>2Kor 6,7;</sup>  
<sup>10,4</sup>

<sup>1Tes 5,8;</sup>  
<sup>Iz 59,17</sup>

<sup>Eb 4,12;</sup>  
<sup>Ap 1,16</sup>

<sup>Wm 15,30;</sup>  
<sup>Flo 1,14</sup>

esklav yo sonje valè yo, li fè yo konnen premye pa pou yo fè pou yo rive nan yon liberasyon toutbon se viv dapre konsyans yo, men pa dapre siveyans mèt yo.

**6,10-16:** Yo kòmanse santi pèsekisyon kont kretyen yo ap vin pi fò. Satan ak tout fòs fènwa yo, se sistèm politik, ekonomik, sosyal ak relijye Lanpi Women an te mete sou pye. Se tout fòs mal yo ki t ap aji sou tè a.

Lavi kretyen an se yon batay kont tout fòs fènwa sa yo. Gouvènman Bondye a grandi nan mitan sa ki mal yo, men li pa mele ak yo. Zam Jezi te kite pou kretyen yo se laverite, lavi kòrèk, Lafwa ak pawòl Bondye a, epi travay simaye Levanjil kè poze a.

mwen jwenn Pawòl la lè m ouvè bouch mwen, epi pou mwen fè konnen, ak konviksyon, plan mèvèy Bon Nouvèl la.<sup>20</sup> Se pou li mwen se yon reprezan-  
2Kor 5,20  
 tan ki nan chenn pou, nan li, mwen pale nan libète epi ak konviksyon jan mwen dwe pale.

### Dènye pawòl

Kol 4,7 <sup>21</sup>Pou nou kapab konnen, nou menm tou, afè m ak sa m ap fè, Tiki-

kòs va fè nou konnen tout bagay. Se yon frè mwen renmen anpil, ki yon sèvitè Granmèt la, ki merite konfyans. <sup>22</sup>Mwen voye I bò kote nou pou sa menm, pou nou kapab gen nouvèl nou bò isit, epi pou rafrechi kè nou. <sup>23</sup>Kè poze pou frè yo, renmen ak lafwa ki sòti nan Bondye Papa a ak Jezi Kri Granmèt la. <sup>24</sup>Favè a pou tout moun ki renmen Jezi Kri Granmèt nou an nan lavi ki p ap janm fini an.